



## Deklarasyon sou Enpak Jistis: Refòm Sèvis Sekirite yo

**Tit:** Refòm BPS Office of Safety Services

**Dat:** 12/1/2022

Èske yo te itilize [Zouti Planifikasyon Jistis Rasyal la?](#)  Wi  Non

Si wi, mete dat reyinyon REPT la epi lyen pou REPT ki fini yo la a: \_\_\_\_\_

Èske yon manm Division of Equity, Strategy and Opportunity Gaps te revize deklarasyon sa a?  Wi  Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Jistis Rasyal BPS yo	Rezime / Jistifikasyon
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta pwopozisyon/travay la vle jwenn, sa ki gen ladan l tou elimine gwo diferans ki genyen yo? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflekte idantite Elèv ak fanmi BPS yo (gwoup kle yo gen ladann moun nwa, latino, azyatik, endijèn yo, imigran, sak pale plizyè lang, ak sa ki fè eksperyans nan edikasyon espesyal yo)?</i></p>	<p>Wòl prensipal Espesyalis Sekirite Boston Public Schools (BPS) yo se sèvi kòm yon resous vizib, ki gen inifòm e ki fè moun abitye ak yo yon fason pou yo pèmèt gen yon anviwonman aprantisaj sekirite nan lekòl yo. Biwo Sèvis Sekirite a te transfòme travay karant Espesyalis Sekirite distri a depi apre yo te fin adopte Massachusetts Reform Bill S. 2963 la an Desanm 2020. Refòm sa a chita sou valè debaz nou yo: pèmèt gen yon anviwonman aprantisaj ki an sekirite nan chak lekòl ak chak klas nan travay men nan men ak anplwaye lekòl yo pou ankouraje relasyon pozitif ak jèn yo, rezoud mezantant pa mwayen jistis restorativ, epi pwoteje tout elèv yo. Ekip Sèvis Sekirite ap travay ansanm ak administratè lekòl yo, ekip sekirite ki deziyen yo, ak tout anplwaye ki ap travay nan lekòl la pou bay kominote lekòl la yon anviwonman ki an sekirite epi ki akeyan. Espesyalis Sekirite yo sèvi kòm yon lyen dinamik ant elèv yo ak lòt anplwaye k ap travay lekòl la, sèvi kòm egzanp, epi pran prekosyon apwopriye epi egzèse pwosedi sekirite yo lè sa nesèsè.</p> <p>Espesyalis sekirite yo pa mete inifòm ki sanble ak lapolis ankò; olye de sa, yo mete yon nouvo modèl inifòm, ki rann yo pi aksesib ki gen ladann pantalon kago ak chemiz polo ki modifye, yo te resevwa komantè ki pozitif nan men elèv yo ak anplwaye yo. Menm jan an tou, machin nou yo te chanje idantite pou plis konsantre sou sekirite olye ke travay lapolis.</p> <p>Sèvis Sekirite a gen bonjan entansyon pou li elimine pwoblèm yo e li fè sa ak dilijans lè li bati relasyon epi fasilite kominikasyon ant elèv yo, anplwaye yo, ak moun ki gen enterè nan kominote a, ki gen ladann òganizasyon ki asosye yo, Boston Police Department (BPD) lan, ak Bureau of Community Engagement lan. Gras a sèvis nou yo, inisyativ nou yo, ak nouvo pwogram devlopman pwofesyonèl, nou diminye, nou defèt, epi ranvèse nenpòt dekoneksyon estriktirèl ak kiltirèl nan depatman nou an epi ede jwenn plis opòtinite.</p>
<p><b>2. Adaptasyon ak plan estratejik la</b> <i>Ki jan pwopozisyon an/efò a adapte l ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Plan Estratejik Sèvis Sekirite yo ki refèt la, ann amoni ak chak angajman nan Plan Estratejik distri a, patikilyèman Ogmante tout vwa yo. Kontribisyon yon bon kantite nan pati konsène yo, nou te ranmase nan plis pase 100 reyinyon, fowòm ak sesyon pou koute yo te lakòz transparans nan desizyon k ap pran yo epi transfòmasyon rezilta yo espere yo.</p> <p>Espesyalis sekirite yo ap kontinye angaje pwofesè yo, lòt moun k ap travay lekòl la, fanmi yo, ak elèv yo pou asire yo yo konsidere vwa yo nan desizyon lekòl ap pran konsènan wòl nou yo, priyorite chak jou yo, ak sa pou anplwaye yo fè.</p> <p>Pandan plizyè sesyon enfòmasyon, yo te resevwa plis repons ki te ekri sou yon platfòm kote lis kesyon yo te pwodwi epi yo te reponn yo.</p>
<p><b>3. Analiz done yo</b> <i>Ki done yo te analize? Èske li te separe sou baz ras ak lòt gwoup enpòtan? Ki sa li te montre sou</i></p>	<p>Yo te fè evalyasyon done istorik konsènan rapò aksidan ak arestasyon BPS School Police ak BPD te fè yo sou baz ras ak sèks moun yo. Done yo te montre gen plis arestasyon sou elèv ki Nwa yo pou zak kriminel ki pa grav. Pataje enfòmasyon elèv yo ak ajans ki fè respekte lalwa lokal ak federal yo te lakòz elèv yo fè fas ak sistèm jistis kriminel pou aktivite kriminel ki pa grav.</p>

<p><i>kesyon inegalite yo?</i></p>	
<p><b>4. Angajman konsène yo</b> <i>Kiyès ki te pran angajman (kantite, gwoup enpòtan yo, ak wòl yo), kòman, e ki sa sa te bay? Ki sa etidyan yo/fanmi yo ki plis santi enpak pwopozisyon sa a/efò sa a di?</i></p>	<p>Pou refòm Sèvis Sekirite a, nou te chèche opinyon ak reyaksyon nan men moun ki gen enterè ki site apre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Community Equity Roundtable</li> <li>● Fanmi BPS yo (Citywide Parent Council, District Angle Learner Advisory Council, and Special Education Parent Advisory Council)</li> <li>● Boston Student Advisory Council</li> <li>● Sansè lekòl yo, lidè operasyon yo ak direktè lekòl yo</li> <li>● Safety Services Community-Based Advisory Group</li> <li>● Boston School Police Patrolmens' Association ak Boston Police Superior Federation</li> <li>● BPD and Massachusetts Police Training Council</li> <li>● Òganizasyon ki patnè nou tankou 3Point Foundation, Girls LEAP, ak Big Sisters</li> </ul> <p>Elèv yo, fanmi yo, ak anplwaye yo te ekspri revandikasyon yo pou gen chanjman epi yo te ekspri enkyetid yo genyen konsènan règleman ak pratik Sèvis Sekirite yo. Sèvis Sekirite ate pran responsablite pou l koute, epi ajoute enkyetid ak demand sa yo pandan n ap refòm sèvis nou an.</p>
<p><b>5. Estrateji sou Jistis Rasyal</b> <i>Kòman pwopozisyon sa a/efò sa a diminye inegalite yo epi ogmante jistis rasyal ak lòt ankò? Ki kèk konsekans nou pa panse ki ka rive? Ki estrateji anplis ki ka pote avansman nan kesyon jistis la?</i></p>	<p>Sèvis Sekirite a te ajoute sa nou te tandè yo pou refòm travay nou an, tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Kreye yon gwoup dirijan konsiltatif pou fè mizajou nan règleman sou pataje enfòmasyon ak ekri rapò;</li> <li>● Modifye pouvwa egzekitif espesyalis yo genyen ak /kapasite pwotokòl entèraksyon yo ki konfòm ak Pwojè lwa Refòm Lapolis la; epi</li> <li>● Chanje jan inifòm yo fèt ak machin yo.</li> </ul> <p>Youn nan konsekans chanjman yo ki vin sa zatann se defi Biwo Sèvis Sekirite a genyen aktyèlman pou l gen kantite anplwaye k ap sifi pou ranpli demann espesyalis sekirite nan lekòl yo. Refòm Lapolis la yo fenk mete sou pye a <a href="#">Bill S.2963 191st (2019 - 2020)</a> ak diminyon kapasite lapolis la BPD te otorize dapre Règ 400A a, te lakòz yon kantite anplwaye nan ekip la te demisyone, sa ki lakòz te rete sèlman mwatye ekip la parapò ak kapasite depatman an.</p> <p>Pandan n ap aplike tout chanjman sa yo, n ap kontinye kontwòle enpak yo epi konsidere lòt estrateji pou avanse plis ak koze jistis nan ras moun nan.</p>
<p><b>6 Bidjè ak Aplikasyon</b> <i>Ki enpak bidjè a? Kòman aplikasyon li pral reyalize tout objektif yo, patikilyèman objektif ki gen rapò ak jistis yo reyalize? Ki idantite gwoup ki nan ekip aplikasyon an, epi èske y ap pote yon vizyon ki baze sou jistis?</i></p>	<p>Bidjè ki te fè pou Sèvis Sekirite a pa chanje pandan de ane ki sot pase yo (SY 2020-21, 2021-22).</p> <p>Chèf Sèvis Sekirite/ Chèf Pwovizwa Sipò Elèv la Neva Coakley Grice (Afriken-Ameriken) ansanm ak tout ekip Sèvis Sekirite a ap dirije aplikasyon nouvo plan an.</p> <p>Kounye a, Espesyalis sekirite yo se 53% Nwa, 27% Latino, 20% Blan, 72% gason, ak 28% fi. 90% se rezidan nan Boston yo ye, e gen yon bon kantite ki se diplome BPS. Nouvo anplwaye nou sot rekrite yo pral ogmante pousantaj fi ki Espesyalis Sekirite yo, epi n ap kontinye ak efò pou ogmante reprezantasyon Espesyalis diferan Koulè ras yo, sitou Ameriken ki gen orijin Azyatik yo.</p>
<p><b>7. Responsablite ak Kominikasyon</b> <i>Ki jan y ap evalye, dokimante epi pale sou</i></p>	<p>N ap pataje pwogrè ki fèt yo piblikman nan sesyon enfòmasyon yo ak nan reyinyon ki pwograme regilyèman ak pati konsène yo, nan vizit lekòl yo, nan kominikasyon ak responsab Operasyon yo, ak nan rapò anyèl n ap bay Boston School Committee a ak nan kominote a.</p>

*enpak yo ak pati konsène  
yo? Kiyès k ap responsab?*